

THE UNIVERSITY OF THE STATE OF NEW YORK

8 ÈM ANE

HAITIAN EDITION
GRADE 8 SCIENCE
INTERMEDIATE LEVEL
WRITTEN TEST

NIVO ENTÈMEDYÈ EGZAMEN SYANS

EGZAMEN EKRI

JEN 2003

Non elèv la _____

Non lekòl la _____

Egzamen sa a la pou li evalye konesans ou an syans. Egzamen sa a gen de (2) pati.
Toulède pati sa yo nan ti liv sa a.

Premye Pati a gen 45 kesyon ochwa. Ekri repons pou kesyon sa yo sou yon fèy papye
apa. Itilize yon kreyon nimewo de (2) sou fèy repons lan.

Dezyèm Pati a gen 25 kesyon san chwa. Ekri repons ou yo pou Dezyèm Pati a nan
espas yo bay pou sa nan ti liv la.

Ou kab itilize yon kalkilatri pou w reponn kesyon egzamen an si ou vle.

W ap gen dezèdtan pou w reponn kesyon ki nan egzamen an.

PA OUVRI LIV EGZAMEN AN TOUTOTAN OU PA GEN PÈMISYON SIVEYAN AN.

Premye Pati

ESPLIKASYON

Gen 45 kesyon nan Premye Pati egzamen sa a. Apre chak kesyon gen kat repons ki gen nimewo 1 – 4. Li chak kesyon ak anpil atansyon. Deside kiyès nan repons ochwa yo ki bon repons lan. Nan fèy apa kote pou ekri repons lan, make repons ou sou ranje ki gen ti sèk pou chak kesyon yo. Nwasi ti sèk ki gen menm nimewo ak repons ou chwazi a. Sèvi ak yon kreyon pou ou make repons ou yo sou fèy la.

Li egzanzp ki la a:

Egzanzp

Latè resevwa pifò pati nan limyè 1 nan

- (1) etwal yo
- (2) Solèy la
- (3) Lalin nan
- (4) lòt planèt yo

Repons ki kòrèk la se **Solèy la**, ki se repons nimewo **2**. Sou fèy pou make repons ou an, gade bwat ki montre ranje ki gen ti sèk pou repons pou kesyon ki nan egzanzp lan. Kòm se chwazi nimewo **2** a ki repons ki bon pou kesyon nan egzanzp lan, se ti sèk ki gen nimewo **2** a ki nwasi.

Reponn tout kesyon nan Premye Pati menm jan an. Nwasi yon sèl ti sèk pou chak kesyon. Si w ta vle chanje repons ou a, efase premye ti sèk ou te nwasi a byen efase, epi nwasi ti sèk ou vle kòm repons lan.

Ou p ap bezwen fèy bouyon. Ou kab sèvi ak paj ti liv sa a kòm bouyon.


Ou kab sèvi ak yon kalkilatri, si w ta bezwen youn.

Lè yo di w kòmanse, vire paj la epi kòmanse ak kesyon nimewo 1. Fè anpil atansyon epi reponn tout kesyon ki nan Premye Pati a.

Lè w ta fini Premye Pati a, al nan Dezyèm Pati a toudwat.

Premye Pati

1 Dyagram anba la a montre nivo dlo apre aksyon mare a pandan 24 è.



Ki wotè apeprè dlo a te ye sou makè mare a a 6 p.m.?

- | | |
|-------------|--------------|
| (1) 4.3 pye | (3) 8.5 pye |
| (2) 5.4 pye | (4) 11.2 pye |

2 Apeprè konbyen tan sa pran pou ale de yon peryòd nouvèl Lin pou ale nan pwochen nouvèl Lin lan?

- | | |
|---------------|-------------|
| (1) yon jou | (3) yon mwa |
| (2) yon semen | (4) yon ane |

3 Si ou jwenn kèk ti moso koki nan yon echantiyon wòch, ou plis sispèk wòch sa a te fèt

- (1) sou yon pant mòn
- (2) sou yon glasyè
- (3) soti nan magma
- (4) nan yon dlo ki pa twò fon


4 Ti kouch dlo fen ki kouvri pi fò sifas Latè a yo rele li

- | | |
|-------------|-------------|
| (1) atmosfè | (3) litosfè |
| (2) emisfè | (4) idwosfè |

5 Ak ki mo yo sèvi pou pale de kondisyon atmosferik ki konn domine de yon sezon a yon lòt chak ane nan yon kote?

- | | |
|-----------|---------------|
| (1) tan | (3) ekilib |
| (2) klima | (4) ekosistèm |


6 Dyagram pi ba a montre twa etap fòmasyon yon plaj.



Ki pwosesis ki plis lakòz wòch falèz tounen gravye ou sab?

- (1) chanjman nan wòch yo
- (2) fele
- (3) plwaye
- (4) presipitasyon


7 Pòtre sa a montre yon ti gason k ap gade yon pwason ki nan pozisyon B anba sifas dlo a. Ti gason an wè pwason an nan pozisyon A.



Pozisyon aparant pwason an diferan de pozisyon reyèl li. Kisa ki rive limyè a ki te pase nan dlo a ki fè vin genyen diferans sa a?

- (1) refleksyon
- (2) absòpsyon
- (3) konpresyon
- (4) refraksyon


8 Kat ki anba montre ki kote kontinan yo petèt te ye nan tan lontan.



Ki dispozitif kontinan yo genyen ki ka fè nou kwè yo te kole len ak lòt, yon lè lontan, lontan?

- (1) Fòm kèk kontinan fè yo kapab adapte len ak lòt tankou pyès yon pòzòl.
- (2) Kèk kontinan genyen menm gwosè.
- (3) Tout kontinan yo genyen yon ranje mòn ladan yo.
- (4) Tout kontinan yo genyen menm konpozisyon kwout la ladan yo.

9 Desen ki anba la a montre de chen kap redi yon kòd an menm tan men ak de fòs ki *pa egal*.



Nan ki direksyon bousòl la de chen yo pi fasil ka deplase?

- | | |
|---------|---------|
| (1) ès | (3) nò |
| (2) wès | (4) sid |

Baze repons ou pou kesyon 10 ak kesyon 11 lan sou kat ki anba a, epi sou konesans ou nan syans. Kat la montre orijin yon mas lè twopikal maritim. Flèch la montre ou wout jeneral mas lè sa a. Eta Nouyòk la make konsa NY.



10 Ki tanperati ak degre imidite mas lè sa a genyen?

- | | |
|-----------------|-----------------|
| (1) frèt e sèch | (3) frèt e imid |
| (2) cho e imid | (4) cho e sèch |

11 Ki faktè ki gen plis enfluyans sou direksyon wout mas lè a?

- | | |
|---------------------------|------------------------|
| (1) kouran dè ki pi wo yo | (3) tivan lanmè yo |
| (2) kouran lanmè yo | (4) baryè mòn yo fè yo |


12 Yon karakteristik ki menm jan nan tout onn sonò yo:

- (1) se vibrasyon ki kreye yo
- (2) yo vwayaje nan yon liy dwat nan direksyon sous la
- (3) yo vwayaje pi rapid lè yo jwenn espas vid
- (4) yo ale ak menm vitès enèji limyè a


13 Enèji ki soti nan Solèy la pou li rive jwenn Latè a vini prensipalman pa pwosesis ki rele

- | | |
|----------------|----------------|
| (1) kondiksyon | (3) refleksyon |
| (2) konveksyon | (4) radyasyon |

14 Yon leman A ak yon leman B genyen menm fòs mayetik. Nan ki pozisyon leman A ak leman B a ki pral genyen pi plis fòs pou youn atire lòt?







15 Desen sa a montre yon etidyan kap parèt devan pòt yon bilding.



Ki non de (2) machin senp yo sèvi pou etidyan sa a rive nan pòt la?

- (1) plan encline ak pouli
- (2) levye ak wou ak aks
- (3) pouli ak levye
- (4) wou ak aks ak plan encline


16 Ki dyagram ki montre kòrèkteman efè enèji chalè sou mouvman molekil matyè a?




17 Ti patikil piti anpil yo ki konpoze tout matyè, yo rele yo

- (1) jèn
- (2) atòm
- (3) mineral
- (4) selil


18 Dyagram ki anba la a montre ou yon balans a resò yo sèvi pou yo peze yon mas 100 gram.




Ki dyagram ki kab bay yon lekti pi kòrèk pou menm balans resò a, si yo sèvi avèk li pou yo peze yon mas 200 gram?




(1)



(2)




(3)



(4)

19 Dyagram ki anba la a montre longè dond pou anpil kalite enèji elektwomayetik.



Ki kalite enèji elektwomayetik ki genyen yon longè dond pi kout pase reyon iltravyolèt?

- (1) limyè vizib
 (2) mikwo ond
 (3) reyon X
 (4) reyon enfrawouj

20 Yo sèvi ak plastik pou kouvri fil kwiv yo nan fil kouran aparèy yo paske plastik la diferan de kwiv la

- (1) nan dansite
 (2) li pi di
 (3) nan faz tanperati anbyant lan
 (4) kòm yon kondiktè elektrik

21 Ki sous enèji yo kwè ki *non renouvlab*?

- (1) solèy
 (2) van
 (3) dlo an mouvman
 (4) fosil ki ka boule

22 Yon aparèy televizyon transfòme enèji elektrik an enèji son ak limyè. Nan pwosesis sa a, genyen nan enèji a ki

- (1) kreye
 (2) detwi
 (3) chanje an matyè
 (4) chanje an chalè

23 Pou founi enèji pou travay selil yo fè, tout selil yo bezwen

- (1) klowoplas
 (2) eleman nitritif
 (3) nitwojèn atmosferik
 (4) dyoksid kabòn

24 Sa selil yo fè pou tisi yo, tisi yo fè pou

- (1) mikwòb
 (2) ògàn
 (3) sistèm
 (4) bakteri

25 Ki gwoup ki fèt ak òganis ki se manm menm reny lan?

- (1) chat, krapo, ak chanpiyon
 (2) plichon, bakteri, ak pye pòm
 (3) zèb, vè, ak reken
 (4) foujè, pye flè wòz, ak pye mayi


26 Lè yon moun respire, poumon li yo absòbe oksijèn, pou selil li yo pou itilize pou yo fè

- (1) respirasyon
 (2) sekresyon
 (3) fotosentèz
 (4) eskresyon


27 Kouri se yon aktivite ki lakòz selil nan sistèm miskilè a sèvi ak pi plis oksijèn. Ki sistèm ki mache pou bay selil sa yo plis oksijèn?

- (1) dijestif
 (2) nève
 (3) sikilatwa
 (4) andokrin

28 Koup transvèsal sa yo montre kouch sedimantè nan wòch ki genyen kèk fosil.



An nou sipoze kouch nan wòch sa yo pa te vire, ki fosil ki anndan kouch ki te fòm an dènye a?




29 Dyagram ki anba la a montre kijan yon krapo devlope. Yon ze ki fèt ilize rete anndan yon banboni ak branchi yo. Banboni sa a devlope janm ak poumon epi li vin tounen yon gran krapo.



Ki tèm yo itilize pou seri chanjman sa yo ki pase pandan lavi krapo a?

- | | |
|-------------------|---------------|
| (1) fèt ilizasyon | (3) mitasyon |
| (2) repwodiksyon | (4) metamòfoz |

Baze repons ou pou kesyon 30 ak kesyon 31 lan sou dyagram ki anba a, epi sou konesans ou nan syans. Dyagram nan reprezante yon letan ki genyen yon bann varyete plant ak bèt ladan.



30 Sak fè pwason kapab viv kanmèm nan letan an?

- (1) Pwason yo sèvi ak dyoksid kabòn plant yo pwodwi.
- (2) Pwason yo sèvi ak oksijèn plant yo pwodwi.
- (3) Plant yo sèvi ak oksijèn pwason yo pwodwi.
- (4) Plant yo sèvi ak klowofil pwason yo pwodwi.

31 Prensipal sous enèji pou letan nan kominote sa a se

- | | |
|--------------|------------------|
| (1) plant yo | (3) dlo letan an |
| (2) Solèy | (4) bèt yo |

32 Gen yon nouvèl varyete tomat ki gen pi bon gou, epi ki kapab estoke pi lontan pase kèk lòt varyete tomat. Pou yo te fè nouvèl varyete tomat sa a, yo te mete kèk lòt jèn an plis nan selil plan tomat la. Yo rele pwosesis sa a

- (1) manipilasyon jenetik
- (2) parye selektif
- (3) seleksyon natirèl
- (4) repwodiksyon seksyèl

33 Ki sistèm nan kò yon moun ki dirèkteman enplike nan aksyon reflèks yo, tankou reflèks jenou, tenyen je, epi sote lè ou pantan?

- (1) sikilatwa ak respiratwa
- (2) dijestif ak eskretwa
- (3) nève ak miskilè
- (4) repwodiktif ak eskelèt


34 Nan òganis ki gen yon sèl selil yo, divizyon selilè lakòz

- (1) kwasans ak antretyen
- (2) repwodiksyon seksyèl
- (3) repwodiksyon aseksyèl
- (4) pwodiksyon selil seksyèl yo

35 Nan ki pati nan sistèm kò yon moun ou jwenn òmòn yo?

- | | |
|----------------|--------------|
| (1) respiratwa | (3) nève |
| (2) andokrin | (4) dijestif |

Baze repons ou pou kesyon 36 jiska 38 sou chèn ki anba a, epi sou konesans ou nan syans.



(dyagram sa a pa alechèl)

36 Ki wòl rena yo nan chèn manje a?

- (1) kanivò
- (2) dekonpozitè
- (3) èbivò
- (4) pwodikètè

37 Ki òganis nan chèn manje a ki omnivò?

- (1) zwazo
- (2) kawòt
- (3) sotrèl
- (4) lapen

38 Ki deklarasyon ki t ap verite si popilasyon chwèt yo ta disparèt?

- (1) Popilasyon sourit yo ta pral ogmante.
- (2) Popilasyon kawòt yo ta pral ogmante.
- (3) Popilasyon rena yo ta pral vini diminye.
- (4) Popilasyon lapen yo ta pral vini diminye.


39 Yon nouvell selil levi anpil fwa konn soti nan yon senp paran pa yon pwosesis yo rele boujònman. Pwosesis boujònman sa a dekri tankou you

- (1) repwodiksyon seksyèl, ak pitit li fè yo genyen menm karaktè jenetik
- (2) repwodiksyon seksyèl, ak pitit li fè yo genyen karaktè jenetik diferan
- (3) repwodiksyon aseksyèl, ak pitit li fè yo genyen menm karaktè jenetik
- (4) repwodiksyon aseksyèl, ak pitit li fè yo genyen karaktè jenetik diferan

40 Kilè ògàn yo kòmanse devlope kay moun?

- (1) nan selil espèm nan anvan fètilizasyon
- (2) anvan fètilizasyon ak apre lè li fin fèt
- (3) nan selil ze a apre fètilizasyon
- (4) apre fètilizasyon ak anvan li te fèt

41 Ki desen ki se yon ekzanp de yon òganis miltiselilè?



Idr



Eglèn



Paramesi



Amib

- (1) idr
- (2) eglèn

- (3) paramesi
- (4) amib

42 Diferans nou wè nan karaktè moun se rezilta

- (1) antrenman toutan ak edikasyon
- (2) repwodiksyon seksyèl, ak mitasyon yo
- (3) egzèsis ak antretyen kò a
- (4) defo alanesans ak jèn resesif yo

43 Ki sistèm nan kò a ki responsab eliminasyon dechè likid yo ak gazez yo?

- (1) nève
- (2) eskelèt
- (3) eskretwa
- (4) dijestif

44 Ki faktè ki genyen *mwens* efè sou metabolis yon moun?

- (1) egzèsis
- (2) òmòn yo
- (3) entelijans
- (4) dyèt/rejim


45 Kiyès nan kat mo ki anba la yo ki genyen twa lòt mo yo anndan li?

- (1) kominote
- (2) ekosistèm
- (3) popilasyon
- (4) endividi

Dezyèm Pati

Esplikasyon (46–70): Make repons ou yo nan espas ki rezève pou sa nan ti liv egzamen an.

Baze repons ou pou kesyon 46 jiska 48 sou seksyon ki anba a, epi sou konesans ou nan syans. Koup transvèsal la montre mouvman ekoulman chalè a nan kèk materyèl nan Latè a, k ap fè kwout terès la (pla yo) deplase.



46 Kijan ou kapab konpare tanperati kwout terès la ak tanperati anndan Latè a? [1]


47 Bay non *de* (2) bagay oubyen *de* (2) evènman jeyolojik ki soti nan mouvman pla yo ki nan kwout la. [2]

(1) _____

(2) _____

48 Kijan ou ka konpare epesè kwout oseyanik terès la ak epesè kwout kontinantal la? [1]

Baze repons ou pou kesyon 49 ak kesyon 50 sou dyagram ki anba a ak sou done nan tablo nan paj 17. Dyagram lan montre kantite twa kò solid ki pral fonn nan 100 gram dlo nan diferan tanperati.



49 Sèvi ak done ki nan dyagram lan, pou di nou ki rapò ki genyen ant tanperati dlo ak kantite kò ki pral vin fonn. [1]

50 Tablo done a montre solibilite yon katriyèm kò ka vin fonn, KBr, nan 100 gram dlo a diferan tanperati.

Solibilite KBr

Tanperati Dlo (°C)	Kantite KBr ki pral fonn nan 100 gram Dlo
0	53
20	65
40	76
60	88
80	95
100	104


Sèvi ak done ki nan tablo a pou w fè yon graf lineyè, sou griy ki anba la a pou montre solibilite KBr la. Swiv direksyon yo.

a Sèvi ak yon X pou ka trase pozisyon chak pwèn sou done ki nan tablo a. [1]


b Konekte X yo ak yon liy. [1]

c Rele liy la KBr. [1]

Koub Solibilite



Baze repons ou pou kesyon 51 jiska 53 sou kat ki anba a, epi sou konesans ou nan syans. Kat la montre ou aktivite tranbleman tè nan peyi Etazini ak nan zòn ki viwonnen li yo. Pwen yo endike ou aktivite tranbleman tè a.



51 Esplike *youn* nan rezon ki fè genyen plis tranbleman tè nan sektè lwès ki parèt sou kat la. [1]

52 Dapre kat la, ki latitud ak ki lonjitud kote ki nan lèt X la? [Repons ou an dwe genyen ladann yon valè, yon inite, ak direksyon pou yo chak.] [2]

Latitud: _____


Lonjitud: _____

53 Bay *de* (2) aksyon moun k ap viv nan pati lwès zòn kòt yo kapab fè pou plan preparasyon dijans yo an ka ta genyen yon tranbleman tè. [2]

(1) _____

(2) _____

Baze repons ou pou kesyon 54 jiska 56 sou dyagram ki anba a. Dyagram lan montre revolisyon Latè arebò Solèy la kijan ou wè li nan lespas. Pòzisyon *A*, *B*, *C*, ak *D* yo reprezante kòmansman chak sezon sou Latè.




(dyagram sa a pa alechèl)

54 Bay *youn* nan rezon ki fè Latè genyen sezon yo. [1]

55 Si Latè te nan pozisyon *D*, konbyen tan li ta pran pou li ta retounen nan pozisyon *D* a? [1]

56 Ki sezon ki kòmanse nan emisfè Nò a lè Latè nan pozisyon *A*? [1]

57 Dyagram ki anba la a sèvi ak lèt A, B, C, ak D yo pou li reprezante pwosis ki fèt nan sik dlo.



Nan tablo ki anba la a, idantifye pwosis ki fèt nan chak lèt nan dyagram lan. Chwazi pwosis la nan lis ki anba la a. [2]


- Pwosis*
- kondansasyon
- evaporasyon
- presipitasyon
- ekoulman

Lèt	Pwosis Ki Fèt La
A	
B	
C	
D	

58 Yo te bay yon etidyan yon melanj sèl, sab, ak kèk klasman fè. Esplike *de* (2) metòd laboratwa etidyan sa a ta ka pran pou li separe sibstans sa yo. [2]

- (1) _____
- _____
- (2) _____
- _____

59 Nan dyagram pi ba la a, lèt *A*, *B*, ak *C* yo reprezante twa satelit ki idantik pa rapò a distans yo genyen ak Latè lè w ap gade nan lespas.



(dyagram sa a pa alechèl)

a Ki satelit ki ta ka santi plis fòs atraksyon pezantè Latè? [1] _____

b Bay yon prensip syantifik ki eslike repons ou a nan pati a. [1]

c Predi sa ki ta ka rive satelit *B* a si fòs k ap ajì sou li yo pa ekilibre. [1]

60 Kare “Punnet” sa a reprezante rezilta de koub ant de gran pye pwa. Tout pitit yo fè yo te gran.

	T	t
T	TT	Tt
T	Tt	Tt

Kle: T = gran pye yo (dominan)
t = ti pye yo (resesif)

Idantifye *de* (2) nan pitit li fè yo ki soti nan nivo ti pye pwa yo ta ka pwodwi si yo te kwaze yo. Eslike repons ou an. [2]

Pitit li fè yo: _____ x _____

Esplikasyon: _____

- 61 Tablo ki anba la a bay anpil enfòmasyon sou estrikti selil plant la yo, ak fonksyon yo. Nan tablo a, genyen twa espas vid. Mete non estrikti selil plant lan nan twa espas vid ki montre fonksyon ou te dekri yo. [3]

Estrikti Selil Plant ak Fonksyon Yo

Estrikti Selil Plant Lan	Fonksyon
Manbràn Selilè	Pèmèt kèk sibstans antre ak soti nan selil fèy la
	Dirije aktivite selil yo tankou repwodiksyon
	Jan li pran enèji limyè solèy la pou li fè manje yo
	Pwoteje ak sipòte selil yo
Sitoplas	Pèmèt mouvman materyo yo ki akote selil la ak sipò lòt estrikti selil yo
Vakyòl	Li kenbe manje, dlo, ak dechè

Baze repons ou pou kesyon 62 ak kesyon 63 sou enfòmasyon ki anba a, epi sou konesans ou nan syans.

Yon konpayi te mete yon izin papyè sou yon plat bann ki te gen yon sipèfisi 90 ak tè, nan yon kominote. Konpayi a anplwaye 800 moun epi sèvi ak bwa lokal pou li fè papyè.

- 62 a Dekri yon sitiyasyon ki ta ka nwi anviwònman pandan konpayi an ap fè izin papyè a mache. [1]

b Dekri yon fason konpayi sa a ta ka fè pou anpeche li vin lakòz pwoblèm nan anviwònman ki kapab vin poze. [1]

- 63 Kijan yo rele sibstans izin k ap fè papyè ki se pwazon pou òganis lan yo? [1]


- 64 Nan ane 1990, te genyen yon fèm sou yon sipèfisi yon kilomèt kare tè. Yo te vann tè a bay yon lotisè ki te genyen pwojè pou li te bati 20 kay sou li. Pandan kèk kay te gen tan fèt, yon moun save te rasanble done yo nan tablo ki anba la a.

Ane	Kantite Lapen pa km kare	Kantite Kay pa km kare
1990	75	1
1991	72	2
1992	64	3
1993	60	5
1994	56	8
1995	51	10
1996	46	12
1997	35	13
1998	29	15
1999	21	16

- a Kat dènye kay yo te bati nan lane 2000. Dapre done ki nan tablo a, predi sa ki te rive kantite lapen yo nan lane 2000. [1]

- b Esplike kijan ou te fè pou w te ka predi sa. [1]

Baze repons ou pou kesyon 65 jiska 67 sou dyagram ki anba a, epi sou konesans ou nan syans. Dyagram lan montre ou yon modèl repwodiksyon seksyèl. Liy ki nan chak selil yo reprezante materyèl jenetik la (kwomozòm yo).



65 Ki lèt nan dyagram lan ki reprezante selil sèks femèl? [1] _____

66 Ki pwosesis ki te pase ak C a? [1] _____

67 Ki jan dyagram lan montre te genyen repwodiksyon seksyèl? [1]

Baze repons ou pou kesyon 68 ak kesyon 69 sou tablo ki anba a, epi sou konesans ou nan syans. Chak manje nan tablo a se patikilyèman yon bon sous eleman nitritif yo te mete nan lis la.


Eleman nitritif	Sous Manje
pwoteyin	pwason
kaboyidrat	ji zoranz
grès	lwil doliv

68 Kilès eleman nitritif ki nan lis nan tablo a ki prensipalman responsab pou fè moun grandi ak kenbe kò yo djanm? [1]

69 Ki sous manje yo mete nan lis ki nan tablo a, ki ta dwe voye enèji vit nan tout selil kò a? [1]

70 Dyagram ki anba la a montre nou sik wòch la nan kwout terès la. Sèvi ak dyagram sik wòch la pou w ka ranpli tip wòch yo ak metòd fòmasyon yo kite nan espas vid la nan tablo ki anba la a. [3]

Sik Wòch sou Kwout Latè a



Tip Wòch	Metòd Fòmasyon
	fonn ak solidifikasyon
	depozisyon, kompaktasyon ak simantasyon
Metamòfik	

**For Teacher Use Only
Part II Credits**

Question	Maximum Credit	Credit Allowed
46	1	
47	2	
48	1	
49	1	
50	3	
51	1	
52	2	
53	2	
54	1	
55	1	
56	1	
57	2	
58	2	
59	3	
60	2	
61	3	
62	2	
63	1	
64	2	
65	1	
66	1	
67	1	
68	1	
69	1	
70	3	
Total	41	